

NaMutungamiri Thomas S. Monson



“Dzidzai neZvangu”

MuChechi yaJesu Kristu yaVatendi vaMazuva Ekupedzisira, tose tiri vadzidzisi uye tose tiri vadzidzi. Ishe vanopa kukoka kunyoro kumunhu wese: “Mudzidze kwandiri. . . kuti muwane zororo pamweya yenyu”¹

Ndinokoka Vatendi vaMazuva Ekupedzisira vose kuti vafungisise nezve kuedza kwavo pakudzidzisa nokudzidza uye kuti vatarise kuna Muponesi kuti ave Mutungamiri wedu mukuita izvozvo. Tinoziva kuti uyu “mudzidzisi wakabva kuna Mwari”² akanga asingori mudzidzisi chete. Uyo akatidzidzisa kuda Ishe Mwari wedu nomwoyo wedu wose, nomweya wedu wose, nesimba redu rose, noku-funga kwedu kwose, uye kuda wokwedu sezvatinozvida isu, ndiye Tenzi Mudzidzisi uye Muenzaniso wakanakisa wehupenyu hwakarurama.

Ndiye Akataura pachena: “Ugovuya, unditevere.”³ “ndakupai muenzaniso.”⁴

Kusara Kwekunge Matendeuka

Jesu akadzidzisa chokwadi chakareruka asi chikurusa icho chakanyorwa muna Mateo. Mushure mokunge Iye nevadzidzi Vake vaburuka muGomo reKushandurwa, vakamira paGarirea uye vakabva voenda kuKapernaume. Ikoko vadzidzi vakauya kuna Jesu, vachibvunza:

“Ndianiko mukuru pavushe bwokudenga?”

“Jesu Akadanira kwaari mwana muduku, akamuisa pakati pavo,

“Akati: zvirokwazvo ndinoti kwamuri: *Kana musingashanduki*, mukava savana vaduku, hamungatongopindi muvushe bwokudenga.”⁵

MuChechi, chinangwa chekudzidzisa vhangeri hachisi chokudira ruzivo mupfungwa dzevana vaMwari, kubva kumudzidzisi kuenda kumudzidzi sokunge mvura inokwanisa kudirwa, zvisinei nekuti kumba, mukirasi, kana kuhushumiri. Hachisi chokuratidza kuti mubereki, mudzidzisi, kana mushumiri anoziva zvakawanda zvakadii. Hachisi chokungowedzera ruzivo pamusoro peMuponesi neChechi Yake.

Chinangwa chakakosha chekudzidzisa ndechekubatsira vanakomana nevanasikana vaBaba Vokudenga kudzokera pamberi Pavo nokunonakirwa neupenyu hwekusingaperi naVo. Kuita izvi, kudzidzisa vhangeri kunofanira kuvakurudzira nemunzira yeudzidzi hwezuva roga roga nezvibvumirano zvinoyera. Chinangwa ndechekukurudzira vanhu pachavo kufunga nezve, kunzwa nezve, uye zvino kuita chimwe chinhu nezvekurarama misimbotti yevhangeri. Vavariro ndeye kukudziridza rutendo muna Ishe Jesu Kristu uye kuva uno *tendeukira* kuvhangeri.

Kudzidzisa kunoropafadza nokutendeutsa nokuponesa ndiko kudzidzisa kunotevedzera muenzaniso weMuponesi. Vadzidzisi vanotevedzera muenzaniso weMuponesi vanoda nokushandira avo vavanodzidzisa. Vanokurudzira vateereri vavo nezvidzidzo zvokusingaperi zvechokwadi chehumbiri. Vanorarama hupenyu hunokodzera kutevedzera.

Ida noKushandira

Hushumiri hwese hweMuponesi hwaiva muenzaniso werudo rwewekwako. Chokwadi, rudo nerubatsiro Rwake kazhinji zvaiva chidzidzo Chake. Saizvozvo, vadzidzisi vandinonyanya kuyeuka ndeavo vaiziva, vaida, uye vaiva

nehanya nevadzidzi vavo. Vaitsvaka makwai akarasika. Vaidzidzisa zvidzidzo zveupenyu izvo zvandichagara ndichirangarira.

Mumwe wevadzidzisi vakadai aiva Lucy Gertsch. Aiziva mumwe nemumwe wevadzidzi vake. Akanga asingatadzi kushanyira avo vainge vatadza kuuya kuchechi musi we-Svondo kana avo vainge vangorega zvavo kuuya. Taiziva kuti aiva nehanya nesu. Hapana mumwe wedu akambo-mukanganwa kana zvidzidzo zvaakadzidzisa.

Mushure memakore mazhinji, apo Lucy paakanga ava pedyo nekumagumo ehupenyu hwake, ndakashanyirana naye. Takakurukura nokurangarira maererano nemazuva iwayo akare apo paakanga ari mudzidzisi wedu. Takataura nezve nhengo yoga yoga yekirasi yedu uye tikakurukura pamusoro pezvokwadi zviri kuitwa iyezvino nemumwe nemumwe wedu. Rudo rwake nehanya dzake zvaiva zvo-upenyu hwese.

Ndinoda murairo walshe unowanikwa muDzidziso neZvibvumirano:

“Ndinopa kwamuri murairo kuti mudzidzisanedzidziso dzeumambo.

“Dzidzisa imi nesimba uye nyasha dzangu dzichave nemi.”⁶

Lucy Gertsch akadzidzisa nesimba nokuti aiva norudo rusingagumi.

Ipa Tariro neChokwadi

Muapostora Petro akaraira, “mugare makazvigadzirira kupindura mumwe nomumwe unokubvunzai pamusoro petariro iri mukati menyu.”⁷

Pamwe tariro hurusa iyo mudzidzisi yaanokwanisa kupa itariro inowanikwa muzvokwadi zvevhangeri raJesu Kristu.

“Uye ko zvino munotarisa chii?” Mormoni akabvunza. “Tarisai ndinoti kwamuri muchawana tariro kuburikidza norudzikinuro rwaKristu nesimba rokumutswa kwake, kuti mugomutswa kuupenyu hwokusingaperi, izvi nokuda kwokutenda kwenyu maari.”⁸

Vadzidzisi, kwiridzirai manzwi enyu mupupure nezve hunhu hwechokwadi hwemusoro weHumwari. Taurai pachena uchapupu hwenyu maererano neBhuku raMormoni. Zivisa pamusoro pezvokwadi zvinoshamisira uye zvakanaka zviri muchirogwa cheruponeso. Shandisa zvinyorwa zvinobvumidzwa neChechi, kunyanya magwaro matsvene, kudzidzisa zvokwadi zvevhangeri rakadzorerwa

raJesu Kristu mukururama nekureruka kwazvo. Yeukai murairo weMuponesi weku “nzvera magwaro; nokuti munoti vupenyu bwusingaperi munabwo maari: ndiwo anondipupurira ini.”⁹

Batsirai vana vaMwari kunzwisira izvo zvechokwadi uye zvakakosha muhupenyu huno. Vabatsirei kukudziridza simba rokusarudza makwara anozovachengeta panzira yokuhupenyu hwekusingaperi.

Dzidzisa chokwadi, uye Mweya Mutsvene unozobatsira kuedza kwenyu.

“Dzidzai neZvangu”

Nokuda kwekuti Jesu Kristu aiteerera nokuzvinipisa zvakarurama kuna Baba Vake, “Akaramba achienda mberi pakuchenjera, napakukura, napakufadza Mwari navanhu.”¹⁰ Tine ushingi here hwekuita zvimwechetezvo? Seku “gashira nyasha pane dzimwe nyasha,”¹¹ kwakaitwa naJesu, isu tinofanira kutsvaka nemwoyo murefu uye zvisingagumi chiedza neruzivo kubva kuna Mwari mukuedza kwedu kudzidza vhangeri.

Kuteerera chikamu chakakosha chekudzidza. Apo patinogadzirira kudzidzisa, nemunamato tinotsvaka kurudziro nesimbiso kubva kuMweya Mutsvene. Tinofungisira, tinonamata, tinoshandisa zvidzidzo zvevhangeri, uye tinotsvaka chido chaBaba kwatiri¹²

Jesu “akadzidzisa . . . zvizhinji nemifananidzo,”¹³ izvo zvinoda nzeve dzinonzwa, maziso anoona uye mwoyo inonzwisira. Apo patinorarama zvakanokodzera, tinokwanisa kunyatsonzwa uzevezeve hweMweya Mutsvene, uhwo hwnokwanisa “ku[t]idzidzisa zvose, noku[t]iyevudzira zvose.”¹⁴

Apo patinotambira kukoka kunyoro kwaIshe: “Dzidzai nezvangu,” tinova vawani vesimba rehumwari Rake. Naizvo-zvo, ngatiendererei mberi mumweya wekuteerera, tichitevera Muenzaniso wedu nokudzidzisa samadzidzisiro aAngada kuti tiite uye kudzidza samadzidziro aAngada kuti tiite.

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Mateo 11:29.
2. Johane 3:2
3. Ruka 18:22.
4. 3 Nifai 18:16
5. Mateo 18 1-3kusimbisa kwakawedzera
6. Dzidziso neZvibvumirano 88:77-78
7. 1 Petro 3:15
8. Moronai 7:41.
9. Johane 5:39
10. Ruka 2:52.
11. Dzidziso neZvibvumirano 93:12
12. Ona Johane 5:30.
13. Marko 4:2.
14. Johane 14:26

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Mutungamiri Monson vanotikoka “kufungisisa nezve kuedza [kwedu] kudzidzisa nekudzidza uye kutarisa kuMuponesi seMutungamiri wemukuita izvozvo.” Ungangofunga kutsvaga mumagwaro matsvene neavo vamunoshanyira kuti muwane mazano munzira idzo Jesu Kristu dzaakadzidzisa nokudzidza nadzo. Munokwanisa kutanga nezvimwe zvinyorwa zvitsvene zvakatapwa naMutungamiri Monson, sezvakaite Mateo 11:29, Johane 5:30, uye Marko 4:2 Munokwanisa kukurukura kuti izvo zvamadzidza pamusoro paKristu zvinokwanisa kukubatsirai sei “kuva vawani vesimba Rake rehumwari.”

VANA

Kudzidza nezva Jesu

Mweya Mutsvene unotipa manzwiwo erunyararo kutibatsira kuziva kuti Jesu ndewe chokwadi uye anotida. Nyora kana kuti tara chimwe chinhu chawadzidza nezva Jesu.

© 2016 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMucharungu: 6/15. Mvumo yedudziro: 6/15. Dudziro ye *First Presidency Message, March 2016*. Shona 12863 731.



Rutendo, Mhuri,
Rubatsiro

Kusikwa muMufananidzo waMwari

Nemunamato dzidza chinyorwa chino uye wotsvaga kuziva izvo zvekugovera. Kunzwisisa “Mhuri: Chiziviso kuNyika” kunozowedzera sei rutendo rwako muna Mwari nekupafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda ku reliefsociety.lds.org.

“Mwari akati, Ngatiite munhu nomufananidzo wedu, akafanana nesu. . . .

“Mwari akasika mumhu nemufananidzo wake, akamusika nomufananidzo waMwari; akavasika murume nomukadzi” (Genesi 1:26–27).

Mwari ndiye Baba vedu Vokude nga, uye Vakatisika mumufananidzo Wavo. Nezve chokwadi ichi, Mutungamiri Thomas S. Monson vakati: “Mwari Baba vedu vane nzeve dzavanonzwa nadzo minamoto yedu. Vane maziso avanoona navo zviito zvedu. Vane muromo wavanotaura nawo kwatiri. Vane mwoyo uyo wavanonzwa nawo tsitsi nerudo. Ndeve chokwadi Vanorarama Tiri vana Vavo takasikwa mumufananidzo wavo. Takafanana navo uye vakafanana nesu.”¹

“Vatendi vaMazuva Ekupedzisa vanoona vanhu vese sevana vaMwari mukuzara kwemafungiro ese; vanatora munhu wese kuva nehumwari pakuzvarwa, pahunhu, uye pakwanisiro”² Munhu wega wega “mwanakomana kana mwana-sikana wemweya anodiwa wevabereki vokudenga”³

“[Muporofita] Joseph Smith akadzidzawo kuti Mwari vanoda kuti vana Vavo vatambire rudzi rumwecheterwo rwekurarama kwekusi-mudzirwa seurwo rwaVanarwo.”⁴ Sokutaura kwakaita Mwari “Nokuti tarisai, iri ndiro basa rangu neku-bwinya kwangu—kuunza kusafa neupenyu hwokusingaperi hwevanhu.” (Mosesi 1:39).

ZvimweZvinyorwaZvitsvene

Genesi 1:26–27; 1 VaKorinte 3:17; Dzidziso neZvibvumirano 130:1

Kubva muMagwaro Matsvene

Mukoma waJaredhi muBhuku raMormoni akatsvaka nzira yokuvheneka nayo magwa masere akagadzirirwa kutakura maJaredhi kuyambuka nemumvura kuenda kunyika yakavimbiswa. Aka “bva amanura pabwe matombo aikwana gumi nematanhatu” uye akanamata kuti Mwari vaizo “bata matombo aya” nemunwe Wavo “kuti apenye murima.” Uye Mwari “vakatambanudzwa ruoko rwavo uye vakabata matombo aya rimwe nerimwe.” Uye chidzikatidzo chakabviswa kumaziso

emukoma waJaredhi, uye “akaona munwe waishe; uye wakanga wakaita semunwe wemunhu. . . .

“Uye Ishe vakati kwaari: Uchaitenda here mazwi andichataura?

“Uye akapindura achiti: “Hongu, Ishe.”

Uye “Ishe vakazviratidza ku [mukoma waJaredhi]” uye vakati, “Waona here kuti wakasikwa nomufananidzo wangu? Hongu, vose vanhu vakasikwa pakutanga nemufananidzo wangu.” (Ona Eta 3:1–17.)

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. Thomas S. Monson, “I Know That My Redeemer Lives,” mu Conference Report, Apr. 1966, 63.
2. Gospel Topics, “Becoming Like God,” topics.lds.org; anawo Moses 7:31–37
3. “Mhuri: “Chiziviso kuNyika” *Liahona*, Mbudzi 2010, 129;
4. Misoro yeNyaya yeVhangeri “Becoming Like God,” topics.lds.org anawo *Teachings of Presidents of the Church: Joseph Smith* (2007), 221.

Funga Izvi

Kuziva kuti munhu woga woga akasikwa mumufananidzo waMwari kunotibatsira sei mukuwadzana kwedu nevamwe?